

Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO SANT DAKÈY 3 MILYON DOLA
NAN PAK ISTORIK ETA WALKWAY OVER THE HUDSON NAN POUGHKEEPSIE**

Asansè ki renove ouvri kounye a pou trajè 212 pye a somè a

Nouvo etap amelyorasyon pral enkli yon nouvo Paviyon Zanmi

Gade foto Nouvo Sant Dakèy ak redisyon pou Paviyon Fiti an [Isit lan](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti Sant Dakèy Dutchess ki koute 3 milyon dola (Dutchess Welcome Center) nan pòtay dantre lès Pak Istorik Eta (State Historic Park) Walkway Over the Hudson (Pasrèl Sou Hudson lan). Enstalasyon a plizyè izaj lan kreye yon nouvo pòtay akeyan atan pou 10yèm anivèsè destinasyon touris nan Hudson Valley. Gouvènè Cuomo te anonse pwochen etap amelyorasyon pral enkli yon nouvo paviyon ak elaji espas reyinyon nan antre Poughkeepsie.

"Pak sa a te rale plizyè santèn milye moun nan dènye deseni an pou wè vi panoramik li yo epi pou fè eksperyans magazen, restoran ak katye nan toulède bò Hudson lan", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Ak amelyorasyon sa yo, eksperyans pral vin pi bon toujou. Si ou poko vini toujou, sa a se ane pou w fè sa."

"Nouvo Sant Dakèy lan nan Poughkeepsie pral sèvi kòm yon gwo resous pou enfòmasyon ak prezante pwodwi lokal pou vizitè ki vwayaje nan zòn Poughkeepsie pandan tout ane a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Pak Istorik Eta Walkway Over the Hudson lan deja ap atire endividi ak fanmi ki sot tout kote pou pwofite de santye ak sit nou gen pou n ofri. Sant Dakèy sa a pral kontinye devlope Hudson Valley kòm yon destinasyon touris epi ranfòse ekonomi rejyon an."

Nouvo Sant Dakèy ki mezire 1,800 pye kare an, ak antre sou alafwa Washington Street ak Plas Orchard nan Poughkeepsie, enkli twalèt, sipò pou bisiklèt, enfòmasyon touris, ak lakou ekstèn ak chèz, epi yon fontèn dlo ki aksepte chen.

Nouvo faz amelyorasyon aktyèlman an konsepsyon pral yon Plas Arive nan Washington Street nan Poughkeepsie, ki enkli yon paviyon pou gwoup Zanmi Hudson pou itilize enfòmasyon, vant sounvi ak distribitè otomatik, menm jan ak ban, mach eskalye ki rekonstwi ak sitèn dlo lapli pou awoze nouvo plantasyon li yo.

Amelyorasyon nan zòn lès yo jwenn finansman nan men pwogram Gouvènè Cuomo Pak NY 2020 pou revitalize sistèm pak eta, an patenarya ak gwoup a bi non-likratif Walkway over the Hudson Friends, ki te ranmase fon pou ede sipòte pak lan.

"Gras ak sipò Gouvènè Cuomo ak vizyon global li pou pak yo, amelyorasyon sa yo nan Walkway lan pral ankouraje plis moun toujou vini vin vizite bèl lokal sa a, menm jan ak ede yo jwi eksperyans lan, konprann istwa ki dèyè li, epi oryante tèt yo lè yo rive isit lan", **Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik yo (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation) te deklare.**

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, "Nouvo Sant Dakèy Dutchess lan nan Walkway Over the Hudson se yon gwo adisyon pou yon atraksyon popilè Hudson Valley ki pral envite plis vizitè pou eksplòre rejyon an ak sipòte antrepriz lokal."

"Zanmi Walkway (Friends of the Walkway) rejwenn ak Gouvènè Cuomo ansanm ak Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan selebre nouvo amenajman sa yo sou Walkway Over the Hudson", **Elizabeth Waldstein-Hart, ki se Direktè Egzekitif Òganizasyon Walkway Over the Hudson lan te deklare.** "Patenarya pwodiktif nou an pandan dènye deseni an te kondwi a de sant dakèy, paviyon, espas kominote, afichaj entèpretatif ak plis lòt bagay pandan n ap fè efò pou n pami pak ki pi aksesib nan nasyon an."

Senatè Sue Serino te deklare, "Walkway lan se yon vrè bijou Hudson Valley ki atire plizyè milye rezidan ak touris chak ane ki an retou kontribye dirèkteman nan ekonomi lokal nou an. Amelyorasyon sa yo pral ede kontinye amelyore aksè a pak la epi ede vizitè jwi plis de tan yo pase nan youn nan atraksyon ki pi bèl nan kominote nou an. Zòn lokal nou an se kay pou kèk pak ki pi enpresyonan nan New York, epi nou remèsye Gouvènè a ak Komisè Kulleseid paske yo rekonèt enpòtans nan fè investisman kontini nan yon pati ki si enpòtan nan kominote nou an."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Pandan 10 dènye ane yo, Walkway lan te youn nan atraksyon remakab nan Hudson Valley, ki bay alafwa vizitè ak lokal yo yon chans pou apresye peyizaj natirèl mayifik rejyon nou an selèb pou yo an. Nouvo Sant Dakèy Dutchess lan pral amelyore eksperyans sa a ak ankouraje moun yo pou apresye panorama yo nan nouvo fason - soti nan lwe yon bisiklèt ale nan mennen yon konpayon kanen favori ansanm ak ou."

Yo te rekonstwi tou yon asansè vitre mennen vizitè yo nan yon monte dramatik ki gen 212 pye, 21 etaj jiska nan Walkway lan, k ap itilize nouvo teknoloji "chèn enèji" ki pat disponib lè inite an te enstale premye fwa a.

Yo atann pou karakteristik sa a ogmante fyabilite operasyonèl epi pèmèt asansè a ouvri pi bonè nan prentan epi kontinye opere pi ta nan otòn lan. Asansè a lokalize l nan rivaj Poughkeepsie nan Pak Upper Landing, yon ti distans apye apati estasyon tren Metwo Nò an.

Oparavan, li te yon pon fewovye ki pat itilize pou Chemen defè Poughkeepsie-Highland, Walkway lan te ouvri kòm yon pak eta a an 2009 apre plizyè deseni neglijan.

Ak vi panoramik li yo sou Vale Rivyè Hudson ak pi lwen, trave 2.05 kilomèt lan vin yon destinasyon touris enpòtan, ki kounye ap atire prèske 600,000 vizitè anyèlman.

Ane pase, [yon etid](#) bò kote gwoup Friends lan te konfime touris nan Walkway lan ap estimile ekonomi lokal lan, ak vizitè premye fwa ak sa k ap retounen yo pou vin fè acha ak manje nan restoran. Plis pase senk milyon moun te vizite Walkway lan depi li te ouvri.

Nan ete sa a, yo pral pase fim pou fanmi gratis anba Walkway lan nan Pak Upper Landing, 83 North Water Street, Poughkeepsie. Fim yo enkli Retou Mary Poppins (29 Jen), Òm Areye: Nan Inivè Areye an (6 Jiyè), Kòman pou Antrene Dragon w lan 3 (20 Jiyè), Shazam! (27 Jiyè) ak Kapitèn Marvel (10 Dawou). Premye ak yo ap kòmanse a 7 p.m. ak fim k ap kòmanse apati solèy kouche.

Pou w jwenn lis konplè evenman Walkway yo, klike [isit la](#).

Nan Poughkeepsie, Walkway lan konekte tou ak Santye Fewovye Dutchess lan, yon santye a plizyè izaj ki gen 20.9 kilomèt soti nan ansyen remiz tren Koneksyon Hopewell lan. Santye sa a fè pati de Santye Empire State lan yo pwopoze, ki prevwa yon santye a plizyè izaj soti nan Manhatan ale nan pwent septantriyonal Lak Champlain, epi de Albany ale nan Buffalo.

Amelyorasyon pak yo refilete angajman Gouvènè Cuomo pou fè revitalizasyon sistèm pak Eta a. Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a se yon angajman sou plizyè ane li pran pou li invest nan amelyorasyon pak yo. Bidjè Eta Ane Fiskal 2020 a atribiye 110 milyon dola pou inisyativ sa a.

Pak Eta yo kontwole plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, ranp lansman bato ak plis, ki te resevwa yon rekò vizit nan men 74 milyon moun ane pase. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou www.parks.ny.gov, konekte avèk nou sou [Facebook](#) oswa swiv nou sou [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)